



SUMATIF AKHIR SEMESTER GENAP
MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA

Waktu : 90

Kelas : II (Dua)

Hari tanggal :

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang bener!

1. Cathetan kang isine nyritakake kagiyatan padinan diarani cathetan ...
 - a. Pengalaman
 - b. kagiyatan
 - c. padinan
2. Lumrahe, kadadean kang ditulis ing cathetan padinan iku kadadeyan sing ...
 - a. Wigati
 - b. biasa
 - c. sepele
3. Jeneng liyane cathetan padinan yaiku ...
 - a. Buku kenangan
 - b. buku pelajaran
 - c. buku harian
4. Tujuan nulis teks cathetan padinan yaiku ...
 - a. Gawe ati lega
 - b. gawe atine sedhih
 - c. bisa didol

11 Agustus 2025

Dina Minggu iki, desa Karangdawa nganakake kerja bakti.

Kabeh wargame padha guyub rukun bebarengan.

Ana sing nyaponi ndalan, ngresiki selokan, ngecat dalan, lan liya-liyane.

Dene para ibu-ibu padha guyub rukun anggone mangsak.

Rencanane, sawise kerja bakti bakal ana adicara dhahar bareng.

Kerja bakti iki dipandhegani deneng Pak Slamet minangka ketua RW.

Ngendikane Pak Slamet, adicara resesik iki uga minangka nyambut pengetan Dina Kamardikan.

5. Wacanan ing dhuwur ngrembug babagan ...
 - a. Desa Karangdawa
 - b. kerja bakti
 - c. pengetan dina Kamardikan
6. Adicara resesik kasebut uga minangka nyambut pengetan Dina ...
 - a. Kamardikan
 - b. Kartini
 - c. Pendidikan
7. Ing ngisor iki klebu empon-empon, **kajaba...**
 - a. Jahe
 - b. jagung
 - c. kunir

8. Ing ngisor iki tuladhane kagiyang kang apik kanggo kasarasan awak,
kajaba ...
 - a. Olahraga
 - b. Mangan panganan bergizi
 - c. Dolanan hp ora reti wayah
9. Ngakoni salah klebu tumindak sing ...
 - a. Ala
 - b. becik
 - c. nganyelke
10. Rukun agawe santosa, crah agawe ...
 - a. Susah
 - b. salah
 - c. bubrah
11. Sikap rukun kudu dipakulinakake wiwit ...
 - a. Cilik
 - b. wingi
 - c. tuwa
12. Yen nduwe salah kudu ...
 - a. Meneng wae
 - b. Njaluk ngapura
 - c. etok-etok ora weruh
13. Yen wis ditulung wong liya kudu ngomong ...
 - a. Matur nuwun
 - b. Matur kula nuwun
 - c. Matur nyuwun pangapura
14. Ing ngisor iki kang klebu tuladhane rukun ing lingkungan kulawarga yaiku ...
 - a. Melu piket kelas
 - b. Sinau bareng kancane
 - c. Ngajari adhine sinau
15. Nyilihi potelot marang kanca sekelas klebu tuladha rukun ing ...
 - a. Sekolah
 - b. kulawarga
 - c. masyarakat

Dina iki aku (Sari), Riri, lan Wati padha Latihan beksan.

Latihan beksan dilatih dening Bu Rahayu.

Bu Rahayu iku guru tari ana SD Bineka.

Sing Latihan ana pelataran balai desa.

Saben minggu, beda-beda jinis tari sing diajarke.

Minggu wingi tari jaipong.

Minggu iki tari gambyong.

Dene Minggu sesuk tari merak.

16. Wacan ing dhuwur klebu ...
 - a. Pidhato
 - b. geguritan
 - c. teks cathetan padinan
17. Sing nglatih beksan yaiku ...
 - a. Bu Darsi
 - b. Bu Rahayu
 - c. Bu Narmi

18. Bu Rahayu iku guru tari ing ...

- a. SD Lentera b. SD Bineka c. SD Pusaka

19. Tuladhane rukun karo kanca yaiku ...

- a. Ngewangi kancane bolos sekolah
b. Nyilihi potelot marang kanca
c. Nuruni kancane PR

20. Yen ana warga kang nandhang kesusahan, awake dhewe kudu ...

- a. Njaluk ngapura b. kerja bakti c. mbiyantu